


**Pou Enskri pou Vote nan Eta
ou a Sèvi ak Fòm Kat Postal
ak Gid sa a**



Pou Sitwayen Ameriken yo

Enstriksyon Jeneral

Ki Moun ki ka Itilize Aplikasyon sa a

Si ou se yon sitwayen peyi Etazini ki abite nan peyi Etazini oswa gen yon adrès nan peyi Etazini, ou ka itilize aplikasyon ki nan tiliv sa a pou:

- Enskri pou vote nan Eta ou,
- Deklare yon chanjman nan non ou bay biwo enskripsyon elektè ou a,
- Deklare yon chanjman nan adrès ou bay biwo enskripsyon elektè ou a, oswa
- Enskri ak yon pati politik.

Eksepsyon

Tanpri, pa sèvi ak aplikasyon sa a si w ap viv andeyò Etazini ak teritwa li yo epi ou pa gen adrès (legal) nan peyi sa a, *oswa* si ou nan militè ki estasyon lwen lakay ou. Sèvi ak Aplikasyon Kat Postal ou a ki disponib nan baz militè, anbasad ameriken, oswa konsila ou yo.

New Hampshire vil ak vil grefye yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs.

North Dakota pa gen enskripsyon elektè.

Wyoming lalwa pa pèmèt enskripsyon pa lapòs.

Kijan Pou W Konnen Si Ou Kalifye Pou Enskri Pou Vote Nan Eta Ou

Chak Eta gen pwòp lwa yo konsènan ki moun ki ka enskri ak vote. Tcheke enfòmasyon ki anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Tout Eta mande pou ou se yon sitwayen peyi Etazini pa nesans oswa natiralizasyon pou enskri pou vote nan eleksyon federal ak Eta yo. Lwa federal fè li ilegal pou moun bay manti reklame sitwayènte ameriken pou enskri pou vote nan nenpòt eleksyon federal, Eta oswa lokal. Ou **pa ka** enskri pou vote plizyè kote alafwa.

Fason pou Ranpli Aplikasyon sa a

Itilize Enstriksyon Aplikasyon ak Enstriksyon Eta yo yo pou gide ou lè w ap ranpli aplikasyon an.

- Premyèman, li Enstriksyon Aplikasyon an. Enstriksyon sa yo ap ba ou enfòmasyon enpòtan ki pou tout moun ki itilize aplikasyon sa a.
- Apre sa, chèche Eta ou anba Enstriksyon Eta yo. Itilize enstriksyon sa yo pou ranpli bwat 6, 7, epi al gade nan enstriksyon sa yo pou enfòmasyon sou kalifikasyon elektè ak nenpòt sèman ki obligatwa pou Bwat 9.

Lè pou w Enskri pou Vote

Chak Eta gen pwòp dat limit li pou enskri pou vote. Tcheke dat limit pou Eta ou a nan dènye paj tiliv sa a.

Fason ou Soumèt Aplikasyon w lan

Voye aplikasyon ou nan adrès ki endike anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Sinon, depoze aplikasyon an fas-a-fas nan biwo enskripsyon elektè lokal ou a. Eta ki oblije aksepte fòm nasyonal la ap aksepte kopi aplikasyon ki enprime sou imaj òdinatè sou papye nòmal. Aplikan an dwe siyen li, epi voye li pa lapòs nan yon anvlop ak tenb ki apwopriye a.

Moun K Ap Vote Pou Premye Fwa Ki Enskri Pa Lapòs Yo

Si w ap enskri pou vote pou premye fwa nan jiridiksyon ou an epi ou voye aplikasyon pou enskripsyon sa a, lwa federal mande pou ou montre prèv idantifikasyon ou premye fwa ou vote. Men kèk pyès ou ka bay pou pwouve idantite ou:

- Yon pyès idantite ak foto w sou li ki ajou epi ki valid oswa
- Yon bòdwo sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvènman, chèk travay oswa dokiman gouvènman ki gen non ou ak adrès ou ladan.

Yon elektè ka jwenn egzanpsyon pou egzijans sa a si li soumèt yon **KOPI** idantifikasyon sa a ak fòm enskripsyon elektè yo voye pa lapòs la. Si w vle soumèt yon **KOPI**, tanpri sonje bagay sa yo:

- Eta kote w ap viv lan kapab fè w egzijans anplis pou w montre yon pyès idantite nan biwo vòt lan malgre w montre prèv idantifikasyon Federal lan.
- Pa soumèt dokiman orijinal ak aplikasyon sa, soumèt sèlman **KOPI**.

Si w te Resevwa Aplikasyon sa nan yon Ajans Eta a oswa Biwo Leta

Si w te resevwa aplikasyon sa nan yon ajans Eta a oswa biwo leta, ou gendwa chwazi si ou vle itilize aplikasyon sa a ou pa. Si w deside itilize aplikasyon sa a pou w enskri pou vote, ou ka ranpli li epi kite li kote ajans Eta a oswa nan biwo leta a. Y ap soumèt aplikasyon an pou ou. Oswa, ou kapab ale ak aplikasyon ou an pou w voye l pa lapòs nan adrès ki endike anba Eta ou a nan Enstriksyon Eta yo. Ou kapab ale ak li tou pou w depoze aplikasyon an ou menm an pèsòn nan biwo enskripsyon elektè lokal ou a.

Remak: Non ak adrès ajans Eta a oswa biwo leta kote ou resevwa aplikasyon an ap rete konfidansyèl. Li p ap parèt sou aplikasyon ou an. Si w deside pou w pa itilize aplikasyon pou enskri pou w vote, desizyon sa ap rete konfidansyèl tou. Sa p ap afekte sèvis ajans oswa biwo an ap ba ou.

Enstriksyon Aplikasyon yo

Anvan w ranpli sa ki anndan fòm nan, tanpri reponn kesyon ki nan tèt fòm nan selon si w ap yon sitwayen peyi Etazini ak si w ap gen 18 tan nan Jou Eleksyon an oswa anvan sa. Si youn nan repons ou ta non ak kesyon sa yo, ou p ap kapab itilize fòm sa a pou enskri pou w vote. Men, enstriksyon espesifik eta yo ka bay plis enfòmasyon sou kalifikasyon pou enskri anvan 18 tan.

Bwat 1 — Non

Mete nan bwat non konplè w nan bwat sa a nan lòd sa — Siyati, Prenon, Dezyèm non. Pa itilize non jwèt oswa inisyal.

Remak: Si aplikasyon sa a se pou yon chanjman non, tanpri di nou nan **Bwat A** (*nan dezyèm pati anba fòm nan*) non konplè ou anvan ou te chanje li.

Bwat 2 — Adrès Kay

Nan bwat sa a mete adrès kay ou (adrès legal ou). **Pa** mete adrès postal ou la si li diferan ak adrès kay ou. **Pa** w itilize yon bwat postal oswa yon wout riral san yon nimewo bwat. Gade nan enstriksyon pou eta espesifik yo pou konnen règ konsènan fason pou itilize nimewo wout yo.

Remak: Si w te enskri anvan men se premye fwa w ap enskri nan adrès ki nan bwat 2 an, tanpri di nou nan **Bwat B a** (*nan dezyèm pati anba fòm nan*) nan ki adrès ou te enskri anvan. Tanpri bay mezi detay sou adrès la ou kapab sonje.

Sonje tou: Si w ap viv nan yon zòn riral, men ou pa genyen yon nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen yon adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat ki nan Bwat C (*anba fòm nan*).

Bwat 3 — Adrès Postal

Si w resevwa lèt ou nan yon adrès ki diferan ak adrès ki nan Bwat 2 an, mete adrès postal ou nan bwat sa a. Si w pa gen okenn adrès nan bwat 2 an, ou **dwe** ekri nan bwat 3 adrès nan bwat kote yo kapab voye lèt pou ou.

Bwat 4 — Dat Nesans

Mete nan bwat saa dat nesans ou nan lòd sa — Mwa, Jou, Ane. *Fè atansyon pou w pa itilize dat jodi an!*

Bwat 5 — Nimewo Telefòn

Pifò Eta mande nimewo telefòn ou pou si yo ta gen kesyon sou aplikasyon ou a. Men, ou pa oblije ranpli bwat sa a.

Bwat 6 — Nimewo Idantifikasyon

Lwa Federal egzije pou eta yo mande yon nimewo idantifikasyon nan men chak moun k ap enskri. Ou ta dwe gade nan enstriksyon espesifik pou eta w la pou kesyon 6 konsènan enfòmasyon sou ki nimewo y ap aksepte pou eta ou a. Si ou pa gen ni yon lisans chofè, ni yon nimewo sekirite sosyal, tanpri endike sa sou fòm lan epi eta ou pral ba ou yon nimewo.

Bwat 7 — Chwa Pati

Nan kèk Eta, ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Pou konnen si Eta ou egzije sa, gade kesyon 7 nan enstriksyon ki anba Eta ou a.

Si ou vle enskri ak yon pati, mete non konplè pati ou vle enskri ladan an ak lèt yo detache.

Si ou pa vle enskri ak yon pati, ekri "okenn pati" oswa kite bwat la vid. Pa ekri mo "endepandan" si ou vle di okenn pati," paske yo ka konfonn sa avèk non yon pati politik nan Eta ou.

Remak: Si ou pa enskri ak yon pati, ou ka toujou vote nan eleksyon jeneral ak eleksyon primè ki pa pou okenn pati (san pati).

Bwat 8 — Ras oswa Gwoup Etnik

Kèk Eta mande ras oswa gwoup etnik ou, pou yo ka administre Lwa Federal Konsènan Dwa pou Vote a. Pou konnen si Eta ou mande enfòmasyon sa yo, gade kesyon 8 nan enstriksyon ki anba Eta ou a. Si yo mande li, mete nan bwat 8 chwa ki dekri ou pi byen nan lis anba a:

- Endyen Ameriken oswa Alaskyen Natifnatal
- Azyatik oswa Abitan Zile Pasifik
- Nwa, *pa* Orijin Ispanik
- Ispanik
- Plizyè Ras
- Blan, *pa* Orijin Ispanik
- Lòt

Bwat 9 — Siyati

Gade enfòmasyon ki nan kesyon 9 yo nan enstriksyon anba Eta ou a. Anvan ou siyen oswa make dokiman an, asire w:

- (1) Ou satisfè kondisyon Eta ou yo, epi
- (2) Ou konprann **tout** sa ki nan Box 9.

Finalman, siyen **tout** non oswa make dokiman an, epi mete dat jodiya nan lòt sa a - Mwa, Jou, Ane. Si aplikan an pa kapab siyen, mete nan **Bwat D** non, adrès ak nimewo telefòn (si ou vle) moun ki te ede aplikan an.

Voter Registration Application/ Aplikasyon Enskripsyon Elektè

Before completing this form, review the General, Application, and State specific instructions.

Anvan w ranpli fòm sa a, li enstriksyon Jeneral yo, enstriksyon pou Aplikasyon yo, ak enstriksyon Eta yo.

PLEASE PROVIDE YOUR RESPONSES IN ENGLISH. / TANPRI BAY REpons OU YO NAN LANG ANGLE.

Are you a citizen of the United States of America? Èske w se yon sitwayen Etazini Damerik? If you check "No" in response to either of these questions, do not complete form. Si ou reponn "Non" pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou pa bezwen ranpli fòm nan. (Please see state-specific instructions for rules regarding eligibility to register prior to age 18.) (Tanpri gade enstriksyon eta yo pou w ka konnen règ konsènan kalifikasyon pou enskri avan ou gen 18 tan.)		Will you be 18 years old on or before election day? Èske ou pral gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa anvan jou sa a.		This space for office use only. / Espas sa a se sèlman moun ki travay nan biwo a ki pou itilize li.	
1	Last Name / Siyati		First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon
2	Home Address / Adrès Kay		Apt. or Lot # / Nimewo Apatman oswa Pasèl	City/Town / Vil	
3	Address Where You Get Your Mail If Different From Above / Adrès Kote ou Resevwa Lèt si li Diferan ak sa ki Anwo a			City/Town / Vil	State / Eta
4	Date of Birth / Dat Nesans Month / Mwa Day / Jou Year / Ane	5	Telephone Number (optional) / Nimewo Telefòn (si ou vle bay li)	6 ID Number (See Item 6 in the instructions for your state) / Nimewo Idantifikasyon - (gade atik 6 nan enstriksyon Eta ou yo)	
7	Choice of Party (see item 7 in the instructions for your State) / Chwa Pati (gade atik 7 nan enstriksyon Eta ou yo)	8	Race or Ethnic Group (see item 8 in the instructions for your State) / Ras oswa Gwoup Etnik (gade atik 8 nan enstriksyon Eta ou yo)		
9	I have reviewed my state's instructions and I swear/affirm that: / Mwen te li enstriksyon pou eta mwen an epi mwen sèman/afime: <input type="checkbox"/> I am a United States citizen. / Mwen se yon sitwayen peyi Etazini <input type="checkbox"/> I meet the eligibility requirements of my state and subscribe to any oath required. / Mwen satisfè kondisyon pou kalifye nan eta mwen epi mwen dakò ak nenpòt sèman ki obligatwa. <input type="checkbox"/> The information I have provided is true to the best of my knowledge under penalty of perjury. If I have provided false information, I may be fined, imprisoned, or (if not a U.S. citizen) deported from or refused entry to the United States. / Enfòmasyon mwen bay yo se laverite selon tout sa mwen konnen epi mwen konnen kapab gen sanksyon si mwen bay manti. Si mwen te bay fo enfòmasyon, yo ka fè mwen peye amann, mete mwen nan prizon, oswa (si mwen pa yon sitwayen ameriken) depòte mwen oswa refize mwen antre Ozetazini.			Please sign full name (or put mark) / Tanpri siyen non konplè ou (oswa mete yon mak) Date / Dat la: _____ Month / Mwa Day / Jou Year / Ane	

If you are registering to vote for the first time: please refer to the application instructions for information on submitting copies of valid identification documents with this form.
Si w ap enskri pou w vote pou premye fwa: tanpri gade enstriksyon sou aplikasyon yo pou enfòmasyon sou fason pou soumèt kopi dokiman idantifikasyon ki valab yo avèk fòm sa a.

Please fill out the sections below if they apply to you.

Tanpri ranpli seksyon ki anba yo la si yo gen pou wè ak sityasyon ou.

If this application is for a **change of name**, what was your name before you changed it? / Si aplikasyon sa a se pou yon **chanjman non**, kijan ou te rele anvan ou chanje li?

A	Last Name / Siyati		First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon
----------	--------------------	--	---------------------	--	--------------------------------

If you were **registered before but this is the first time you are registering from the address in Box 2**, what was your address where you were registered before?

Si ou te **enskri anvan men sa a se premye fwa ou ap enskri nan adrès ki nan Bwat 2 a**, ki adrès ou te genyen lè ou te enskri anvan an?

B	Street (or route and box number) / Nimewo kay oswa bilding ak non ri a (oswa wout ak nimewo bwat)	Apt. or Lot # / Nimewo Apatman oswa Pasèl	City/Town/County / Vil / Konte	State / Eta	Zip Code / Kòd postal
----------	---	---	--------------------------------	-------------	-----------------------

If you live in a rural area but do not have a street number, or if you have no address, please show on the map where you live.

Si w ap viv si w ap viv nan yon zòn riral, men pa genyen yon nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen yon adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat la.

C	Write in the names of the crossroads (or streets) nearest to where you live. / Mete non kafou yo (oswa ri yo) ki pi pre kote w ap viv la. Draw an X to show where you live. / Make yon X pou montre kote w ap viv la. Use a dot to show any schools, churches, stores, or other landmarks near where you live, and write the name of the landmark. / Sèvi ak yon pwent pou montre nenpòt lekòl, legliz, magazen, oswa lòt sit referans ki tou pre kote w ap viv la, epi ekri non sit referans la.		NORTH / NÒ ↑
	Example / Egzanp _____ _____ Public School / Lekòl Piblik ●	Wout # 2 ● Grocery Store / Makèt Woodchuck Road _____ _____ X	

If the applicant is unable to sign, who helped the applicant fill out this application? Give name, address and phone number (phone number optional).

Si aplikasyon an pa kapab siyen, kimoun ki te ede aplikasyon an ranpli aplikasyon sa a? Bay non, adrès ak nimewo telefòn ou (bay nimewo telefòn ou si ou vle).

D	
----------	--

Mail this application to the address provided for your State.
Voye aplikasyon sa a nan adrès Eta ou te bay la.

PA EKRI LA - FOR OFFICIAL USE ONLY

FIRST CLASS
STAMP
NECESSARY
FOR
MAILING



Voter Registration Application/ Aplikasyon Enskripsyon Elektè

Before completing this form, review the General, Application, and State specific instructions.

Anvan w ranpli fòm sa a, li enstriksyon Jeneral yo, enstriksyon pou Aplikasyon yo, ak enstriksyon Eta yo.

PLEASE PROVIDE YOUR RESPONSES IN ENGLISH. / TANPRI BAY REpons OU YO NAN LANG ANGLE.

Are you a citizen of the United States of America? <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No Èske w se yon sitwayen Etazini Damerik? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		Will you be 18 years old on or before election day? Èske ou pral gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa anvan jou sa a. <input type="checkbox"/> Yes <input type="checkbox"/> No <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		This space for office use only. / Espas sa a se sèlman moun ki travay nan biwo a ki pou itilize li.						
If you check "No" in response to either of these questions, do not complete form. Si ou reponn "Non" pou nenpòt nan kesyon sa yo, ou pa bezwen ranpli fòm nan. (Please see state-specific instructions for rules regarding eligibility to register prior to age 18.) (Tanpri gade enstriksyon eta yo pou w ka konnen règ konsènan kalifikasyon pou enskri avan ou gen 18 tan.)										
1	(Circle one) / (Marque uno con un círculo) Mr. / Mrs. / Miss / Ms. / Mesye / Madam / Madmwazèl / Madam		Last Name / Siyati		First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon		(Circle one) / (Antoure youn) Jr. Sr. II III IV	
	Home Address / Adrès Kay			Apt. or Lot # / Nimewo Apatman oswa Pòsel		City/Town / Vil			State / Eta	
Address Where You Get Your Mail If Different From Above / Adrès Kote ou Resevwa Lèt si li Diferan ak sa ki Anwo a					City/Town / Vil			State / Eta		Zip Code / Kòd postal
Date of Birth / Dat Nesans			Telephone Number (optional) / Nimewo Telefòn (si ou vle bay li)		ID Number (See Item 6 in the instructions for your state) / Nimewo Idantifikasyon - (gade atik 6 nan enstriksyon Eta ou yo)					
Month / Mwa Day / Jou Year / Ane										
Choice of Party (see item 7 in the instructions for your State) / Chwa Pati (gade atik 7 nan enstriksyon Eta ou yo)			Race or Ethnic Group (see item 8 in the instructions for your State) / Ras oswa Gwoup Etnik (gade atik 8 nan enstriksyon Eta ou yo)							
9 I have reviewed my state's instructions and I swear/affirm that: / Mwen te li enstriksyon pou eta mwen an epi mwen sèman/afime: ■ I am a United States citizen. / Mwen se yon sitwayen peyi Etazini ■ I meet the eligibility requirements of my state and subscribe to any oath required. / Mwen satisfè kondisyon pou kalifye nan eta mwen epi mwen dakò ak nenpòt sèman ki obligatwa. ■ The information I have provided is true to the best of my knowledge under penalty of perjury. If I have provided false information, I may be fined, imprisoned, or (if not a U.S. citizen) deported from or refused entry to the United States. / Enfòmasyon mwen bay yo se laverite selon tout sa mwen konnen epi mwen konnen kapab gen sanksyon si mwen bay manti. Si mwen te bay fo enfòmasyon, yo ka fè mwen peye amann, mete mwen nan prizon, oswa (si mwen pa yon sitwayen ameriken) depòte mwen oswa refize mwen antre Ozetazini.					Please sign full name (or put mark) / Tanpri siyen non konplè ou (oswa mete youn mak) Date / Dat la:		<input style="width: 100%; height: 20px;" type="text"/>			
					Month / Mwa		Day / Jou		Year / Ane	

If you are registering to vote for the first time: please refer to the application instructions for information on submitting copies of valid identification documents with this form.
Si w ap enskri pou w vote pou premye fwa: tanpri gade enstriksyon sou aplikasyon yo pou enfòmasyon sou fason pou soumèt kopi dokiman idantifikasyon ki valab yo avèk fòm sa a.

Please fill out the sections below if they apply to you.
 Tanpri ranpli seksyon ki anba yo la si yo gen pou wè ak sitiyasyon ou.

If this application is for a **change of name**, what was your name before you changed it? / Si aplikasyon sa a se pou yon **chanjman non**, kijan ou te rele anvan ou chanje li?

A	Mr. / Mesye Mrs. / Madam Miss / Madmwazèl Ms. / Madam		Last Name / Siyati		First Name / Prenon		Middle Name(s) / Dezyèm Prenon		(Circle one) / (Antoure youn) Jr. Sr. II III IV	
	Street (or route and box number) / Nimewo kay oswa bilding ak non ri a (oswa wout ak nimewo bwat)			Apt. or Lot # / Nimewo Apatman oswa Pòsel		City/Town/County / Vil / Konte			State / Eta	

If you were **registered before but this is the first time you are registering from the address in Box 2**, what was your address where you were registered before?
 Si ou te **enskri anvan men sa a se premye fwa ou ap enskri nan adrès ki nan Bwat 2 a**, ki adrès ou te genyen lè ou te enskri anvan an?

Write in the names of the crossroads (or streets) nearest to where you live. / Mete non kafou yo (oswa ri yo) ki pi pre kote w ap viv la. Draw an X to show where you live. / Make youn X pou montre kote w ap viv la. Use a dot to show any schools, churches, stores, or other landmarks near where you live, and write the name of the landmark. / Sèvi ak youn pwen pou montre nenpòt lekòl, legliz, magazen, oswa lòt sit referans ki tou pre kote w ap viv la, epi ekri non sit referans la.			NORTH / NÒ ↑		
C	Example / Egzanp <input style="width: 100%; height: 20px;" type="text"/>		<input style="width: 100%; height: 20px;" type="text"/>		
	Public School / Lekòl Piblik ●				
		Woodchuck Road		<input style="width: 100%; height: 20px;" type="text"/>	
		● Grocery Store / Makèt			
		Wout # 2		X	

If you live in a rural area but do not have a street number, or if you have no address, please show on the map where you live.
 Si w ap viv nan yon zòn rural, men pa genyen youn nimewo kay ak non ri, oswa si ou pa gen youn adrès, tanpri montre kote w ap viv la nan kat la.

If the applicant is unable to sign, who helped the applicant fill out this application? Give name, address and phone number (phone number optional).
 Si aplikasyon an pa kapab siyen, kimoun ki te ede aplikasyon an ranpli aplikasyon sa a? Bay non, adrès ak nimewo telefòn ou (bay nimewo telefòn ou si ou vle).

D	<input style="width: 100%; height: 20px;" type="text"/>
----------	---

Mail this application to the address provided for your State.
 Voye aplikasyon sa a nan adrès Eta ou te bay la.

PA EKRI LA - FOR OFFICIAL USE ONLY

FIRST CLASS
STAMP
NECESSARY
FOR
MAILING



Enstriksyon Eta yo:

Alabama

Mizajou: 08-31-2018

Dat Limit pou Enskripsyon - Enskripsyon pou vote ap fèmen nan 14 jou anvan yon eleksyon. Dat ki make sou anvlòp aplikasyon an oswa jou nou depoze li a dwe omwen kenz jou anvan jou eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Si ou gen youn, ou dwe bay nimewo lisans chofè Alabama ou a oswa nimewo kat idantifikasyon Alabama pou moun ki pa gen lisans chofè. Si ou pa gen yon lisans chofè Alabama oswa kat idantifikasyon pou moun ki pa gen lisans chofè, ou dwe bay 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Si yo pa te b ou youn nan nimewo sa yo, ou dwe ekri mo "NONE" (OKENN) epi y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Sèlman si ou vle chwazi youn. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Ou oblije ranpli bwat sa a; sepandan, yo p ap refize aplikasyon ou a si ou pa ranpli li. Gade lis chwa ki anba Enstriksyon Aplikasyon pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan Alabama ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Alabama ak konte ou abite a lè w ap enskri a
- gen 18 tan anvan nenpòt ki eleksyon
- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim (oswa yo te retabli dwa sivik ak dwa politik ou yo). W ap jwenn lis gwo krim yo sou sitwèb Sekretè Deta a nan:

sos.alabama.gov/mtfelonies

- yo pa deklare ou gen enkonpetans mantal nan yon odyans konpetans
- sèmante oswa afime ou "kore ak defann Konstitisyon Ameriken an ak Eta Alabama, epi ou denonse nenpòt kwayans oswa afilyasyon ak nenpòt gwoup ki gen entansyon ranvèse gouvènman ameriken an oswa Eta Alabama nan nenpòt ki mwayen ilegal epi enfòmasyon yo ki nan dokiman an se verite, ak èd Bondye"

Adrès postal:

Office of the Secretary of State
P.O. Box 5616
Montgomery, AL 36103-5616

Alaska

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Ou dwe bay youn nan nimewo idantifikasyon sa yo; Lisans chofè Alaska oswa Nimewo Idantifikasyon Eta Alaska. Si ou pa gen lisans chofè Alaska oswa Kat Idantifikasyon Eta Alaska, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen okenn nan nimewo idantifikasyon sa yo, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote. Enfòmasyon sa a ap rete konfidansyèl. Lè w gen enfòmasyon sa a, sa ede ou gen dosye elektè ou epi l ap ka ede ou verifye idantite ou (Tit 15 nan Lwa Alaska yo).

7. Chwazi yon Pati. Ou pa bezwen deklare yon afilyasyon ak okenn pati lè w ap enskri pou vote. Si ou pa chwazi yon pati, yo pral enskri

ou kòm Non Deklare. Alaska gen yon sistèm eleksyon primè fèmen. Chak pati politik yo rekonèt gen yon lis bilten vòt separe ki gen sèlman non kandida ki nan pati politik sa a. Elektè yo ki enskri kòm yon manm pati politik sa kapab vote sèlman nan bilten vòt pati sa a. Elektè ki enskri kòm non deklare oswa san patizan yo ka chwazi yon bilten vòt nan bilten vòt ki disponib yo.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Alaska ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan 90 jou oswa pi piti apre dat enskripsyon sa a
- se yon rezidan Alaska
- yo pa te kondane ou pou okenn krim (amwenske yo te lage ou san kondisyon)
- pa dwe enskri pou vote nan yon lòt Eta

Adrès postal:

Division of Elections
State of Alaska
PO Box 110017
Juneau, AK 99811-0017

Arizona

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 29 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe genyen nimewo lisans chofè Arizona ou, oswa lisans idantifikasyon moun ki pa kondwi selon ARS § 28-3165, si lisans lan ajou ak valab. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa lisans idantifikasyon moun ki pa kondwi

Enstriksyon Eta yo:

ki ajou ak valid, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou si yo te ba ou youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa lisans idantifikasyon moun ki pa kondwi ki ajou ak valid oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Sekretè Deta ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Si ou enskri nan yon pati politik ki te kalifye pou yo rekonèt nan yon bilten vòt, w ap kapab vote nan bilten vòt eleksyon primè pou pati sa a. Si ou enskri kòm yon endepandan, okenn preferans pati oswa kòm yon manm yon pati ki pa kalifye pou yo mete li nan bilten vòt la, ou ka chwazi epi vote yon bilten vòt eleksyon primè pou youn nan pati politik yo rekonèt yo.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Arizona ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Arizona ak konte ou abite a omwen 29 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral lan oswa avan jou sa a
- yo pa te kondane ou pou trayizon oswa yon gwo krim (oswa ou te retabli dwa sivik ou yo)
- pa gen yon tribinal ki deklare ou andikape nan moman an

Adrès postal:

Secretary of State/Elections
1700 W. Washington, 7th Floor
Phoenix, AZ 85007-2888

Arkansas

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a yo dwe gen ladan nimewo lisans chofè ou oswa nimewo idantifikasyon pou moun ki pa kondwi ou.

Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Sèlman si ou vle chwazi youn. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Arkansas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- viv nan Arkansas nan adrès ki nan Bwat 2 sou aplikasyon an
- gen omwen 18 tan anvan pwochen eleksyon an
- yo pa te kondane ou pu yon krim (oswa yo te anile pèn ou a oswa padonnen ou)
- pa reklame dwa pou vote nan okenn lòt jiridiksyon
- pa te jije andikape mantalman nan yon tribinal ki gen jiridiksyon

Adrès postal:

Secretary of State
Voter Services
P.O. Box 8111
Little Rock, AR 72203-8111

California

Mizajou: 06-18-2018

Dat Limit pou Enskripsyon - 15 jou anvan eleksyon an; elektè kondisyonèl jiska ak nan Jou Eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lè w ap enskri pou vote, ou dwe bay nimewo lisans chofè California ou a oswa nimewo kat idantifikasyon California ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou. Si ou pa mete enfòmasyon sa yo, ou pral oblije bay idantifikasyon ou lè w ap vote.

7. Chwazi yon Pati. Si ou vle chwazi yon pati politik ou prefere, tanpri mete non pati politik la. Si ou pa vle chwazi yon pati politik, mete "Okenn Preferans Pati" nan espas yo mete a. Lwa California pèmèt moun ki chwazi "Okenn Preferans Pati" oswa moun ki te chwazi yon pati politik ki pa kalifye pou yo vote nan eleksyon primè prezidansyèl la pou nenpòt pati politik ki kalifye epi ki depoze yon avi ak Sekretè Deta a pou pèmèt yo fè sa. Ou ka rele 1-800-345-VOTE oswa ale nan www.sos.ca.gov pou w ka konnen ki pati politik ki pèmèt elektè ki pa gen "Okenn Preferans Pati" yo ak elektè ki te di yo ta pito yon pati politik ki pa kalifye pou patisipe nan eleksyon primè prezidansyèl la.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan California ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- se yon rezidan California
- gen omwen 18 tan oswa plis nan Jou Eleksyon an pou vote

Enstriksyon Eta yo:

- pa nan prizon eta oswa federal oswa pa sou liberasyon ak kondisyon pou yon krim nan moman an
 - yon tribinal pa te twouve ou andikape mantalman pou vote nan moman an
- W ap oblije siyen. Si ou satisfè kondisyon yo ki anwo a, tanpri siyen kat enskripsyon an epi mete dat la nan espas yo mete a.

Adrès postal:

Secretary of State
Elections Division
1500 11th Street, 5th Floor
Sacramento, CA 95814

Colorado

Mizajou: 10-16-2018

Dat Limit pou Enskripsyon- Ou ka enskri jiska jou eleksyon an. Ou dwe enskri 8 jou oswa plis anvan jou eleksyon an pou yo ka voye yon bilten vòt ba ou. Si w enskri mwens pase 8 jou anvan jou eleksyon an, ou dwe parèt an pèsòn nan biwo vòt konte ou a pou vote.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo idantifikasyon eta ou te ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon eta ou te ba ou, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon eta ou te ba ou, oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Ou ka enskri ak yon pati. Si ou kite seksyon sa a vid ou pa pral enskri ak okenn pati.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Colorado ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan nan Colorado pou omwen 22 jou touswit anvan Eleksyon an nan kote ou gen entansyon vote a
- gen omwen 16 zan, men ou dwe gen 18 tan oswa plis nan dat eleksyon an kote ou gen entansyon vote a
- pa dwe ap sèvi yon pèn (epi sa gen liberasyon kondisyonèl ladan) pou yon kondanasyon pou krim

Adrès postal:

Colorado Secretary of State
1700 Broadway, Suite 200
Denver, Colorado 80290

Connecticut

Mizajou: 09-03-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - Dat ki sou so a dwe sèt (7) jou avan eleksyon an; Dat ki sou so a dwe senk (5) jou avan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Nimewo Lisans Chofè Connecticut, oswa si ou pa genyen youn, kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije chwazi yon pati si ou pa vle, men ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Connecticut ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan nan Connecticut ak nan vil nan kote ou vle vote a
- gen 17 tan. Moun ki gen 17 tan epi ki pral gen 18 tan avan Jou Eleksyon oswa nan jou a, ka patisipe nan eleksyon jeneral la.

- te fin pase tan ou nan prizon oswa liberasyon kondisyonèl si yo te kondane ou pou yon krim, epi Biwo Enskripsyon Elektè retabli dwa ou pou vote.
- yon tribinal pa te deklare ou andikape mantalman pou vote nan moman an

Adrès postal:

Secretary of the State
of Connecticut
Elections Division
P.O. Box 150470
Hartford, CT 06115-0470

Delaware

Mizajou: 04-18-2018

Dat Limit pou Enskripsyon - 4yèm samdi anvan yon eleksyon primè oswa jeneral, epi 10 jou anvan yon eleksyon espesyal.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a yo dwe gen ladan nimewo lisans chofè ou oswa nimewo idantifikasyon pou moun ki pa kondwi ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon moun ki pa kondwi oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Ou ka enskri pou vote nan Delaware si ou:

- se yon sitwayen peyi Etazini, EPI
- se yon rezidan Delaware; (Delaware se kay ou), EPI

Enstriksyon Eta yo:

- ou pral gen 18 tan nan jou pwochen Eleksyon Jeneral lan oswa avan jou sa a

Ou pa ka enskri pou vote nan Delaware si:

- yo te jije ou andikape mantalman. Jije ou andikape mantalman se yon jijman espesifik nan yon pwosè pou lagad oswa yon kalite pwosè konsa, selon prèv ki klè ak konvenkan ki montre yon moun gen yon yon gwo pwoblèm mantal ki anpeche li egzèse jijman fondamantal pou vote; OSWA
- yo te kondane pou yon krim epi ou poko fini ak pèn ou a, OSWA
- yo te kondane pou yon krim ki fè ou pa kalifye* epi yo pa te padonnen ou.

*Lis Krim ki fè Moun pa Kalifye:

- tiye yon moun, (sof si se nan yon aksidan machin ou touye moun nan);
- nenpòt ki krim ou ofanse kont administrasyon piblik kote w ap fè koripsyon oswa gen move enfluyans oswa abize pouvwa nan yon biwo, oswa nenpòt ki ofans konsa selon lalwa nan nenpòt ki eta oswa jiridiksyon lokal, oswa peyi Etazini, oswa nan Distri Columbia; oswa
- nenpòt ki krim ki gen zak kadejak, oswa nenpòt ki ofans konsa selon lalwa nan nenpòt ki eta oswa jiridiksyon lokal, oswa peyi Etazini, oswa nan Distri Columbia.

Adrès postal:

State of Delaware
Office of the State Election
Commissioner
905 S. Governors Ave., Suite 170
Dover, DE 19904

Distri Columbia

Mizajou: 11-07-2019

Dat Limit pou Enskripsyon -

21 jou anvan eleksyon an si w ap enskri pa lapòs, sou entènèt, oswa atravè aplikasyon mobil la, men yon elektè ka enskri fas-a-fas pandan vòt bonè ak nan Jou Eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lwa federal kounye a egzije pou tout aplikasyon pou enskripsyon elektè gen ladan swa nimewo lisans chofè aplikan an oswa kat dènye chif nimewo sekirite sosyal aplikan an pou yo ka travay sou aplikasyon sa a.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou vote nan Distri Columbia ou dwe:

- se yon sitwayen Etazini
- se yon rezidan nan Distri Columbia
- gen rezidans Distri Columbia pou omwen 30 jou anvan eleksyon ou vle vote a.
- pa reklame rezidans pou vote oswa dwa pou vote nan yon lòt eta oswa teritwa Ozetazini
- gen omwen 17 tan (Ou ka enskri pou vote si ou gen omwen 16 zan.) Ou ka vote nan yon eleksyon primè si ou gen omwen 17 ane epi ou pral gen omwen 18 lane nan pwochen eleksyon jeneral la. Ou ka vote nan yon eleksyon jeneral oswa espesyal si ou gen omwen 18 ane).
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon tribinal pa te twouve ou andikape legalman pou vote

Adrès postal:

District of Columbia Board of
Elections
1015 Half Street, SE, Suite 750
Washington, DC 20003

Florida

Mizajou: 11-30-2011

Dat Limit pou Enskripsyon - 29
jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Si ou gen youn, ou dwe bay nimewo lisans chofè Florida ou a oswa nimewo kat idantifikasyon Florida ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Florida, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si yo pa te ba ou youn nan nimewo sa yo, ou dwe ekri mo "NONE" (OKENN).

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Nou mande pou ou ranpli bwat sa a, men ou pa oblije. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan Florida ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Eta Florida ansanm ak konte ou vle enskri a
- gen omwen 18 tan (ou ka enskri davans si ou gen omwen 16 zan)
- yo pa te janm jije ou gen andikap mantal parapò ak dwa pou vote nan Florida oswa nenpòt ki lòt Eta, oswa si sa te rive, yo dwe retabli dwa ou pou vote.
- pa yon moun yo te kondane pou yon krim, oswa si sa te rive, yo dwa retabli dwa pou vote si yo te anile li.
- sèmante oswa afime sa ki annapre a:

Enstriksyon Eta yo:

"Mwen pral pwoteje ak defann Konstitisyon Peyi Etazini ak Konstitisyon Eta Florida, mwen kalifye pou mwen enskri pou voute kòm yon elektè selon Konstitisyon ak lwa Eta Florida yo, epi tout enfòmasyon ki nan aplikasyon sa a se verite."

Adrès postal:

State of Florida
Department of State
Division of Elections
The R.A. Gray Building
500 South Bronough St, Rm 316
Tallahassee, Florida 32399-0250

Georgia

Mizajou: 08-15-2013

Dat Limit pou Enskripsyon -

Senkyèm Lendi anvan nenpòt eleksyon primè, eleksyon jeneral, oswa primè pou preferans prezidansyèl, oswa eleksyon espesyal ki pwograme regilyèman selon Kòd Eleksyon Eta Georgia a. Si yo ta pwograme yon eleksyon espesyal nan yon diferan dat ki pa sa ki nan Kòd Eleksyon Georgia a, enskripsyon ap ini nan 5yèm jou apre yo di sa.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Lwa federal egzije pou ou bay nimewo konplè lisans chofè Georgia ou oswa nimewo konplè idantifikasyon Georgia ou te resevwa nan eta a. Si ou pa gen yon lisans chofè Georgia oswa yon kat idantifikasyon Georgia, ou dwe bay 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Se sèlman si ou vle w ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Nimewo Sekirite Sosyal ou ap rete konfidansyèl epi yo kapab itilize li pou konpare ak lòt baz done ajans eta pou idantifikasyon nan enskripsyon

elektè yo. Si ou pa posede gen lisans chofè Georgia oswa yon nimewo Sekirite Sosyal, y ap bay yon nimewo idantifikasyon inik pou ou itilize.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati pou patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik.

Nou mande pou ou ranpli bwat sa a. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan Georgia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Georgia ansanm ak konte ou vle vote a
- gen 18 tan nan sis mwa oswa mwens apre jou enskripsyon an, epi 18 tan pou vote
- pa ap sèvi yon pèn pou yon kondanasyon pou krim
- yo pa te jije ou andikape mantalman nan yon tribinal, amwenske yo te retire andikap la

Adrès postal:

Elections Division
Office of the Secretary of State
2 Martin Luther King Jr. Drive
Suite 802 Floyd West Tower
Atlanta, Georgia 30334

Hawaii

Mizajou: 06-18-2018

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lè w ap enskri pou vote, ou dwe bay nimewo lisans chofè ou a oswa nimewo idantifikasyon Eta Hawaii ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo idantifikasyon, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ou. Si ou pa gen okenn

nan enfòmasyon sa yo, Biwo Grefye a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik, ou pral sèvi pou idantifye ou pou enskripsyon elektè a.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije "chwazi yon pati" pou enskri pou vote.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Ou pa oblije bay enfòmasyon sou ras oswa gwoup etnik ou pou enskri pou vote.

9. Siyati. Pou enskri nan Hawaii ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Eta Hawaii
- gen omwen 16 zan (ou dwe gen 18 tan oswa plis nan dat eleksyon pou w ka vote)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon tribinal pa te dwe jije ou "non compos mentis" (ou pa gen pwoblèm nan tèt)

Adrès postal:

Office of Elections
State of Hawaii
802 Lehua Avenue
Pearl City, HI 96782

Idaho

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 25 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Mete nimewo lisans chofè ou. Si ou pa gen yon lisans chofè, mete 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Idaho ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini

Enstriksyon Eta yo:

- te abite nan Idaho ak konte a pou 30 jou anvan jou eleksyon an
- gen omwen 18 tan
- pa yo te kondane ou pou yon krim, epi san yo pa te retabli dwa sitwayènte ou yo, oswa ou pa nan prizon oswa yo pa te kondane ou pou yon ofans kriminèl

Adrès postal:

Secretary of State
P.O. Box 83720
State Capitol Bldg.
Boise, ID 83720-0080

Illinois

Mizajou: 09-03-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 28 jou anvan chak eleksyon.

6. Nimewo Idantifikasyon. Illinois mande swa lisans chofè a (oswa Kat Idantite Sekretè Deta) oswa dènye 4 chif Nimewo Sekirite Sosyal Sosyal yo. Pou moun ki pa gen okenn nan bagay sa yo, epi ki pa te anrejistre nan Illinois anvan, yo te dwe voye yon fòm enskripsyon pa lapòs ansanm ak yon kopi lòt enfòmasyon ki idantifye yo, ak aplikasyon sa a, swa (i) yon kopi foto idantifikasyon ki ajou ak valid, oswa (ii) yon kopi yon bòdwo sèvis piblik ki ajou, etadkont labank, chèk gouvènman, souch chèk, oswa lòt dokiman ki montre non ak adrès elektè a. Si ou pa bay enfòmasyon nou mande anwo a, ou pral oblije bay ofisyèl eleksyon yo swa (i) oswa (ii) ki dekri anwo a premye fwa w al vote yon kote.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa bezwen enskri oswa gen preferans pou yon pati pou enskripsyon elektè. Sepandan, lè ou aplike pou yon bilten prensipal, ou dwe endike pati ou prefere pou eleksyon sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. W ap oblije siyen. Si siyati ou manke nan fòm enskripsyon an, nou pral di w enskripsyon an pa konplè.

Pou enskri nan Illinois ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Illinois ak sikonsipsyon elektoral ou a omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt kote

Pre-Enskripsyon pou Moun 17

an. Illinois pèmèt yon moun ki gen 17 tan ki pral gen 18 tan nan jou Eleksyon Jeneral la (oswa Eleksyon Konsolide, eleksyon ane enpè pou pòs minisipal, vil, komisyon lekòl ak lòt pòs lokal) pou enskri ak vote nan Eleksyon Primè (oswa Primè Konsolide) kote yo pral nome kandida pou pwochen Eleksyon Jeneral (oswa Eleksyon Konsolide a).

Adrès postal:

State Board of Elections
2329 S. MacArthur Boulevard
Springfield, IL 62704

Indiana

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 29 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Nimewo idantifikasyon elektè eta ou se lisans chofè dis chif Indiana yo te ba ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Indiana, ou dwe

bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Tanpri endike ki nimewo ou te bay. (Kòd Indiana 3-7-13-13)

7. Chwazi yon Pati. Kite la vid.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Indiana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- te abite nan sikonsipsyon an omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral la
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim nan moman an

Adrès postal:

Election Division
Office of the Secretary of State
302 West Washington Street,
Room E-204
Indianapolis, IN 46204-2743

Iowa

Mizajou: 10-31-2020

Dat Limit pou Enskripsyon - Dat Limit pou Enskripsyon — Dwe livre anvan 5 p.m. 10 jou anvan eleksyon an, si se yon eleksyon jeneral; 11 jou anvan tout lòt yo.* Fòmilè enskripsyon ki genyen mak lapòs sou yo 15 jou oswa plis anvan yon eleksyon konsidere alè menm yo resevwa yo aprè dat limit lan.

**Si ou pa rive respekte dat limit enskripsyon votè ki anwo a, ou ka enskri epi vote pandan w ap swiv machaswiv pou enskripsyon nan jou eleksyon an. Ou ka jwenn sa yo sou sit entènèt Sekretè Deta Iowa a: <https://sos.iowa.gov/elections/voterinformation/edr.html>.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Nimewo ID ou an se nimewo

Enstriksyon Eta yo:

lisans chofè (oswa nimewo idantifikasyon kat Iowa ki pa pou kondi) si ou genyen youn, si ou pa genyen youn, lè sa se pral kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Yo pral verifiye nimewo ID ou bay la nan Depatman Transpò oswa nan Administrasyon Sekirite Sosyal Iowa a.

7. Chwazi yon Pati. Ou kapab, men ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Ou ka chanje oswa deklare yon afilyasyon ak yon pati nan biwo vòt yo nan jou eleksyon primè a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Iowa ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Iowa
- dwe genyen omwen 17 lane; Yon moun kapab vote si li pral genyen laj 18 lane nan jou eleksyon an oswa anvan jou eleksyon an. Si se eleksyon primè yo, yon moun kapab vote si li pral genyen laj 18 lane nan eleksyon regilye korespondan an oswa anvan sa .
- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim oswa ou te retabli dwa ou yo
- yon tribinal pa te jije ou "andikape mantalman" pou vote nan moman an
- pa reklame dwa pou vote plizyè kote
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt kote

Adrès postal:

Elections Division
Office of the Secretary of State
Lucas Building-1st Floor
321 E. 12th Street
Des Moines, IA 50319

Kansas

Mizajou: 10-25-2013

Dat Limit pou Enskripsyon - Dat ki sou anvlop lapòs la oswa jou ou depoze li a se 21 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantifikasyon moun ki pa kondwi eta ou te ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon moun ki pa kondwi, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon moun ki pa kondwi oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik. Yo pral itilize nimewo ou bay la sèlman pou rezon administratif, epi yo pa pral pataje li ak piblik la. (KSA 25-2309).

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Kansas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Kansas
- gen 18 tan anvan pwochen eleksyon an
- te fin sèvi pèn ou si yo te kondane ou pou yon krim; yon moun k ap sèvi yon pèn pou yon krim pa kalifye pou vote
- pa reklame dwa pou vote okenn lòt okenn sou okenn lòt non
- yon tribinal nan jiridiksyon konpetan pa te di ou pa gen dwa pou vote

Adrès postal:

Secretary of State
1st Floor, Memorial Hall
120 SW 10th Ave.
Topeka, KS 66612-1594

Kentucky

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 29 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. N ap itilize li sèlman pou rezon administratif epi nou p ap pataje li ak piblik la (KRS 116.155). Yo p ap refize dwa okenn moun pou vote paske li pa te bay yon nimewo sekirite sosyal.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Kentucky ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Kentucky
- yon rezidan nan konte a pou omwen 28 jou anvan dat eleksyon an
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral lan oswa avan jou sa a
- yo pa te kondane ou pou yon krim oswa si yo te kondane ou pou yon krim, yo te retabli dwa sivik ou yo ak padon egzekitif
- yo pa te jije ou "andikape mantalman" nan yon tribinal
- pa reklame dwa pou vote okenn kote deyò Kentucky

Adrès postal:

State Board of Elections
140 Walnut Street
Frankfort, KY 40601-3240

Enstriksyon Eta yo:

Louisiana

Mizajou: 02-28-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè Louisiana ou a oswa nimewo kat idantifikasyon espesyal Louisiana ou a, si ou gen youn. Si ou pa gen youn, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou, si ou gen youn. Ou ka bay nimewo sekirite sosyal konplè ou si ou vle. Si aplikan an pa gen ni yon lisans chofè Louisiana, ni yon kat idantifikasyon espesyal Louisiana, oswa yon nimewo sekirite sosyal, aplikan an ap bezwen kole youn nan dokiman sa yo ak aplikasyon sa a: yon kopi pyès idantifikasyon ak foto ou ki ajou epi valid; oswa (b) yon bòdwo pou sèvis piblik, etadkont labank, chèk gouvènman, souch chèk, oswa lòt dokiman gouvènman ajou ki montre non ak adrès aplikan an. Biwo enskripsyon an ak Depatman Deta pa gen dwa bay nimewo sekirite sosyal yon elektè ki enskri bay lòt moun oswa mete nimewo sekirite sosyal elektè ki enskri yo sou lis komèsyal (R.S. 18:104 ak 154; 42 U.S.C. § 405).

7. Chwazi yon Pati. Si ou pa vle afilye ak yon pati, ou gendwa p ap ka voye nan eleksyon Primè Preferans Prezidansyèl ak eleksyon komite pati a. Ou pa oblije afilye ak yon pati politik pou okenn lòt eleksyon.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Ranpli bwat sa a se si ou vle. Gade lis chwaz yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan Louisiana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini

- yon rezidan Louisiana (Adrès rezidans yo dwe adrès kote ou reklame egzansyon pou kay, si genyen, eksepte pou yon rezidan nan yon mezon retrèt oswa kay veteran ki ka chwazi sèvi ak adrès mezon retrèt oswa kay veteran oswa kay kote li gen yon egzansyon pou kay. Yon etidyan nan inivèsite ka chwazi itilize adrès kay oswa adrès li pandan li lekòl.)

- gen omwen 17 tan (16 zan si w ap enskri pou vote ak aplikasyon pou lisans chofè oswa fas-a-fas nan biwo enskripsyon elektè a), epi ou dwe gen 18 tan anvan pwochen eleksyon an pou w vote

- pa dwe gen yon lòd pou ale nan prizon pou kondanasyon yon krim; oswa si ou gen lòt sa a (1) pa te nan prizon selon lòt la nan senk ane ki sot pase yo (2) pa sou yon lòt prizon ki gen pou wè ak yon kondanasyon yon krim pou fwod eleksyon oswa nenpòt lòt ofans eleksyon selon R.S. 18:1461.2

- pa sou yon jijman entèdiksyon konplè andikap mantal oswa entèdiksyon limite kote yo te sispann dwa ou pou vote

Adrès postal:

Secretary of State
Attention: Elections Division
P.O. Box 94125
Baton Rouge, LA 70804-9125

Maine

Mizajou: 08-14-2012

Dat Limit pou Enskripsyon - Livre 21 jou ouvraj anvan eleksyon an; (oswa yon elektè ka enskri *an pèsòn* jiska jou eleksyon an).

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè Maine ou. Si ou pa gen yon lisans chofè Maine,, ou dwe bay kat

dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Elektè ki pa gen ni youn ni lòt dwe ekri "NONE" (OKENN) nan espas sa a.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a (amwenske yon pati politik pèmèt sa).

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Maine ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Maine ansanm ak minisipalite ou vle vote a
- gen omwen 17 tan (ou dwe gen 18 tan oswa plis pou w ka vote)

Adrès postal:

Elections Division
Bureau of Corporations,
Elections and Commissions
101 State House Station
Augusta, ME 04333-0101

Maryland

Mizajou: 06-26-2008

Dat Limit pou Enskripsyon - 9:00 p.m. 21 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Si w genyen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon Administrasyon Veyikil-a-Motè Maryland ki ajou ak valid, ou dwe mete nimewo lisans chofè oswa idantifikasyon an. Si ou pa gen yon lisans chofè, oswa yon kat idantifikasyon Administrasyon Veyikil-a-Motè Maryland, ou dwe mete omwen 4 dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Men, sonje, se sèlman si ou vle w ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Otorite legal ki pèmèt ofisyèl eleksyon yo mande tout nimewo sekirite

Enstriksyon Eta yo:

sosyal ou se Atik Lwa Eleksyon, Seksyon 3-202, Kòd Anote Maryland. Yo pral itilize nimewo a sèlman pou enskripsyon ak lòt rezon administratif. Li pral rete konfidansyèl.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Maryland ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Maryland
- gen omwen 18 tan anvan pwochen eleksyon an
- pa sou gad legal pou andikap mantal
- yo pa te kondane ou paske ou t ap achte oswa vann vòt
- yo pa te kondane ou pou yon krim, oswa si ou sa te rive, ou te fin sèvi pèn prizon yon tribinal te bay, tankou nenpòt ki liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon pou kondanasyon an.

Adrès postal:

State Board of Elections
P.O. Box 6486
Annapolis, MD 21401-0486

Massachusetts

Mizajou: 09-03-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 20 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè ki ajou ak valid pou Massachusetts, ou dwe bay kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, ou dwe ekri "NONE" (OKENN) nan bwat

la epi y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Si ou pa chwazi yon pati politik nan bwat sa a, yo pral enskri ou kòm yon moun k pa enskri, ki se sa yo rele souvan endepandan an. Elektè ki pa gen enskri yo ka patisipe eleksyon primè pati yo.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Massachusetts ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Massachusetts
- gen omwen 16 lane (dwe gen 18 tan pou vote nan Jou Eleksyon an)
- yo pa te kondane ou pou magouy nan eleksyon
- pa sou gad legal pou zafè vote
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim nan moman an

Adrès postal:

Secretary of the Commonwealth
Elections Division, Room 1705
One Ashburton Place
Boston, MA 02108

Michigan

Mizajou: 11-07-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - Dat ki sou anvlòp lapòs la dwe omwen 15 jou anvan eleksyon an; oswa ou dwe depoze li fas-a-fas nan grefye vil oswa vilaj ou a avan 8 p.m. nan Jounen Eleksyon an. Si w ap enskri 14 oswa pi piti avan yon eleksyon, ou dwe bay verifikasyon rezidans pou ou kalifye pou eleksyon sa a.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ou ranpli a dwe gen nimewo lisans chofè oswa nimewo idantifikasyon eta ou te ba ou.= oswa nimewo kat idantifikasyon pèsònèl eta ou a te

ba ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon pèsònèl eta ou te ba ou, ou dwe mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon pèsònèl eta ou te ba ou, oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije "chwazi yon pati" pou enskri pou vote.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Michigan ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen 18 tan avan pwochen eleksyon an
- se yon rezidan nan Michigan ak omwen yon rezidan 30 jou nan vil oswa vilaj la nan jou eleksyon an
- pa dwe nan prizon apre yo te kondane ou ak ba ou pèn ou

Avi: LSi yon elektè gen yon lisans pou kondwi (DL) oswa yon ID pèsònèl (PID) Michigan, lwa Michigan egzije pou yo itilize **menm adrès la pou enskripsyon elektè ak pou zafè DL/PID.** Lè ou sèvi ak fòm sa a, li pral chanje adrès DL / PID ou tou. Sekretè Deta a pral voye yon nouvo kolan adrès ba ou pou DL/PID ou a.

Adrès postal:

Poste oswa depoze aplikasyon ranpli sa a dirèkteman bay vil oswa vilaj ou. Jwenn grefye vil oswa vilaj ou nan Michigan.gov/Vote. Si ou pa kapab jwenn adrès grefye vil oswa vilaj ou a, voye l pa lapòs nan:
Michigan Department of State
Bureau of Elections
P.O. Box 20126
Lansing, MI 48901-0726

Enstriksyon Eta yo:

Minnesota

Mizajou: 12-31-2008

Dat Limit pou Enskripsyon

- Livre anvan 5:00 pm 21 jou avan eleksyon an (epitou gen enskripsyon nan jou eleksyon an nan biwo vòt yo).

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou oblije bay lisans nimewo lisans chofè Minnesota ou a oswa nimewo idantifikasyon eta a pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa idantifikasyon eta Minnesota, w ap bezwen bay kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "none" (okenn) sou fòm lan.

7. Chwazi yon Pati. Kite la vid.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Minnesota ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Minnesota pou omwen 20 jou anvan pwochen eleksyon an
- kenbe rezidans nan adrès ou bay sou fòm enskripsyon an
- gen omwen 18 tan jou eleksyon an
- si yo te deja kondane ou pou yon krim, pèn pou krim ou an te deja ekspire oswa li te fini, oswa yo te anile pèn nan.
- pa dwe anba yon ga legal tribinal kote yo te anile dwa ou pou vote
- yon tribinal pa te twouve ou "andikape mantalman" pou vote

Adrès postal:

Secretary of State
60 Empire Drive, Suite 100
St. Paul, MN 55103-1855

Mississippi

Mizajou: 05-07-2010

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou oblije bay nimewo lisans chofè ou ajou ak valid ou oswa, si ou pa gen youn, kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Mississippi pa gen enskripsyon nan pati politik. Donk, ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Mississippi ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- t ap viv nan Mississippi ak nan konte ou a (ak vil la, si sa apwopriye) 30 jou anvan eleksyon ou vle vote ladan an
- gen 18 tan anvan eleksyon jeneral ou vle vote a
- yo pa te kondane ou paske ou te touye moun, fè kadejak sou moun, fè zak koripsyon, boule pwopriyete, fè magouy pou jwenn lajan oswa machandiz, bay manti, bay fo temwayaj, falsifye dokiman, vòlè moun ak zam, ekstòsyon, bay fo chèk, vòlè nan magazen, vòlè bagay moun, resevwa pwopriyete yo te vòlè, kase kay moun, pran yon machin yon fason ilegal, vyòl, vòlè machin, oswa bigami, oswa yo te retabli dwa ou yo selon lalwa
- yo pa te deklare ou andikape mantalman nan yon tribinal

Remak: Lwa eta ki te chanje ak lòd tribinal federal an 1998 epi lejislasyon eta a an 200. Kounye a nou aksepte fòm lan kòm enskripsyon pou vote pou tout biwo eta ak biwo federal.

Adrès postal:

Secretary of State
P.O. Box 136
Jackson, MS 39205-0136

Adrès konte lokal yo:

Ou ka remèt aplikasyon ranpli ou a bay grefye konte/biwo enskripsyon kote w abite a. Gen yon lis konplè nan grefye konte / biwo enskripsyon ki disponib sou sitwèb

Mississippi a nan www.sos.ms.gov.

Missouri

Mizajou: 09-12-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 28 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ranpli ou a dwe gen nimewo lisans chofè eta ou te ba ou. Fòm enskripsyon elektè ranpli ou a dwe gen kat dènnye chif nimewo sekirite sosyal ou tou. (Seksyon 115.155, RSMo). Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Eta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik. Nenpòt medya elektwonik, enprime oswa lèt lèt yo bay anba seksyon sa a pa dwe gen nimewo telefòn ak nimewo sekirite sosyal elektè yo. (Seksyon 115.157, RSMo).

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon prensipal pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou vote nan Missouri ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Missouri
- gen omwen 17 tan edmi (ou dwe gen 18 tan pou vote)

Enstriksyon Eta yo:

- pa dwe sou pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl pou yon krim, jiskaske yo retire pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl sa a
- yo pa te kondane o pou on krim ki gen pou wè ak dwa pou vote
- yo pa te jije ou gen andikap mantal nan okenn tribinal
- pa dwe prizon poutèt yon pèn prizon

Adrès postal:

Secretary of State
P.O. Box 1767
Jefferson City, MO 65102-1767

Montana

Mizajou: 11-07-2019

Dat Limit pou Enskripsyon

- 30 jou anvan eleksyon pou enskripsyon regilye. Si w rate dat limit sa a, ou ka toujou enskri epi vote nan eleksyon an avan dat enskripsyon an reta a nan biwo eleksyon konte ou a oswa kote yo deziyen. Enskripsyon an reta disponib nenpòt ki lè jiskaske biwo vòt la fèmen nan jou eleksyon an, eksepte ant midi ak 5:00 pm jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè Montana ou an. Si ou pa gen yon nimewo lisans chofè Montana, w ap bezwen bay KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU. Si ou pa gen ni yon lisans chofè, ni yon nimewo sekirite sosyal, tanpri ekri "OKENN" sou fòm lan epi mete yon kopi youn nan fòm altènatif sa yo ki idantifye yo: yon idantifikasyon foto aktyèl ep ki valab, tankou yon idantifikasyon distri lekòl oswa idantifikasyon foto edikasyon etid segondè ak foto oswa yon idantifikasyon foto tribal, ak non ou; oswa yon bòdwo sèvis

piblik ajou, etadkont labank, souch chèk, chèk gouvènman, oswa lòt dokiman gouvènman ki montre non ou ak adrès aktyèl ou.

7. Chwazi yon Pati. Montana pa mande pou w enskri ak pati pou patisipe nan nenpòt ki eleksyon.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Montana ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen 18 tan nan jou eleksyon lan oswa avan jou sa a
- yon rezidan legal Montana ansanm ak konte ou vle vote a pou omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim
- yon tribinal pa te detèmine ou tèt ou pa la nan moman an
- satisfè kalifikasyon sa yo anvan jou eleksyon k ap vini an si ou pa satisfè yo kounye a

Adrès postal:

Voye fòm enskripsyon ou ranpli a nan biwo eleksyon lokal konte a. Ou ka jwenn enfòmasyon pou kontakte konte a sou sitwèb Sekretè Deta Montana: <https://sosmt.gov/Portals/142/Elections/Forms/electionadministrators.pdf>. Si ou gen difikilte pou jwenn biwo eleksyon konte ou, kontakte Sekretè Deta Montana Divizyon Eleksyon ak Sèvis Elektè Divizyon pou asistans nan (888) 884-8683 oswa (406) 444-9608, oswa voye yon imèl bay soselections@mt.gov

(Remak: Ou ka voye enskripsyon nan biwo Sekretè Deta Montana a, sepandan, pou evite reta potansyèl nou rekòmande ou retounen aplikasyon enskripsyon elektè ranpli ou a dirèkteman nan biwo eleksyon konte ou a.)

Secretary of State's Office
P.O. Box 202801
Helena, MT 59620-2801

Nebraska

Mizajou: 03-08-2018

Dat Limit pou Enskripsyon-

Twazyèm vandredi avan eleksyon an (oswa livre anvan 6 pm nan dezyèm vandredi anvan eleksyon an).

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè Nebraska ou an. Si ou pa gen yon nimewo lisans chofè Nebraska, w ap bezwen bay KAT DÈNYE CHIF NIMEWO SEKIRITE SOSYAL OU.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Nebraska ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Nebraska
- gen 18 tan oswa pral gen 18 tan premye madi apre premye lendi mwa novanm nan oswa avan sa
- pa yo te kondane ou ou yon krim, oswa si yo kondane ou, sa fè omwen de (2) zan depi ou te fini ak pèn ou pou krim nan, tankou nenpòt ki liberasyon kondisyonèl
- yo pa te twouve ou andikape mantalman yon fason ofisyèl

Adrès postal:

Nebraska Secretary of State
Suite 2300, State Capitol Bldg.
Lincoln, NE 68509-4608

Enstriksyon Eta yo:

Nevada

Mizajou: 05-01-20

Dat Limit pou Enskripsyon- Dat limit pou enskripsyon elektè pa lapòs oswa an pèsòn se katriyèm madi anvan nenpòt eleksyon primè oswa jeneral. Se avan dat sa a: (1) ki sipoze sou anvlop moun nan voye enskripsyon elektè a pa lapòs a; oswa (2) yon moun dwe prezante an pèsòn nan biwo Grefye Konte / Rejis Elektè a. Dat limit pou enskripsyon elektè nan www.RegisterToVoteNV.gov la se jedi anvan eleksyon primè oswa jeneral la. Elektè kalifye ki manke dat enskripsyon elektè yo ka enskri pou vote an pèsòn nan biwo vòt swa pandan vòt bonè a oswa jou eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Ou dwe bay nimewo lisans chofè Nevada oswa nimewo idantifikasyon Nevada ou si DMV te ba ou youn. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Nevada, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa kat idantifikasyon valid Nevada oswa yon Nimewo Sekirite Sosyal, tanpri kontakte Grefye Konte/Biwo Enskripsyon Elektè ou a pou yo ka ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon gwo pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Si ou enskri ak yon ti pati politik oswa kòm yon moun ki san pati, ou pral resevwa yon bilten vòt moun ki san pati pou eleksyon primè a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Nevada ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini;

- Gen 18 tan nan dat pwochen eleksyon lan oswa avan jou sa a;
- Te abite nan Eta Nevada, nan konte ou a, regilyèman pandan omwen 30 jou ak nan sikonsipasyon ou a pandan omwen 10 jou anvan pwochen eleksyon an
- Pa ka nan prizon pou yon kondanasyon krim nan moman an;
- Yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman; epi
- Pa reklame okenn lòt kote pou rezidans legal ou.

Enskripsyon Davans pou Moun

17 Tan yo - Yon moun ki gen 17 tan oswa plis, men ki poko gen 18 tan epi ki satisfè tout lòt kalifikasyon pou vote nan Nevada ka enskri davans pou vote ak nenpòt nan mwayen yo ki disponib pou yon moun enskri pou vote. Yon moun ki enskri davans pou vote ap vin otomatikman yon elektè ki enskri jou anivèsè 18 tan li.

Kondanasyon pou Krim- Nenpòt rezidan Nevada yo kondane pou yon krim ap rejwenn dwa li pou vote kou moun sa a soti nan prizon. P ap gen okenn preyòd ou tann epi moun nan p ap bezwen fè anyen pou sa. Restorasyon dwa pou vote otomatik epi moun nan jwenn menm lè li soti nan prizon, kèlkeswa kategori krim moun nan te komèt la oswa si moun nan toujou nan libète kondisyonèl oswa pwobasyon. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan restorasyon dwa pou yo sou sit sitwèb Sekretè Deta Nevada a nan: www.nvsos.gov.

Adrès postal:

Secretary of State Elections
Division
101 North Carson Street, Suite 3
Carson City, NV 89701-4786

Ou ka retounen aplikasyon yo nan biwo Sekretè Deta a nan adrès ki anwo a, men pou evite reta, yo rekòmande ou pou w retounen aplikasyon enskripsyon elektè ou a dirèkteman nan biwo eleksyon konte lokal ou a.

Adrès konte lokal yo: Pou satisfè dat limit pou enskripsyon yo, espesyalman pandan de (2) semèn anvan dat limit pou enskripsyon elektè a, ou ta dwe retounen aplikasyon pou enskripsyon elektè ranpli ou a bay Grefye Konte/Biwo Enskripsyon Elektè ou a. Gen yon lis konplè Grefye Konte ak Biwo Enskripsyon Elektè yo disponib sou sitwèb Sekretè Deta Nevada a: www.nvsos.gov.

New Hampshire

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon — Vil ak vil grefye New Hampshire yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs, epi grefye vil ou a dwe resevwa li nan 10 jou oswa pi piti anvan eleksyon an.

Vil ak vil grefye New Hampshire yo ap aksepte aplikasyon sa a sèlman kòm yon demann pou elektè ki pa ka vini nan biwo vòt la ki voye fòm enskripsyon an pa lapòs. Ou bezwen ranpli sèlman Bwat 1 ak Bwat 2 oswa 3.

W ap bezwen voye li pa lapòs ba grefye minisipal nan kòd postal ou a. W ap jwenn adrès so sou sitwèb Sekretè Deta a nan www.state.nh.us/sos/clerks.htm

W ap bezwen poste li yon bon kout tan davans pou grefye minisipal ou

Enstriksyon Eta yo:

a ka poste pwòp fòm yo ba ou ak pou ou retounen fòm nan bay yo nan 10 jou anvan eleksyon an.

New Jersey

Mizajou: 03-28-2008

Dat Limit pou Enskripsyon - 21 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou se nimewo lisans chofè New Jersey ou pou enskripsyon elektè. Si ou pa gen okenn nan nimewo sa yo, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta a ap ba ou yon nimewo yo pral sèvi pou idantifye ou pou zafè enskripsyon elektè.

7. Chwazi yon Pati. Fòm enskripsyon elektè New Jersey a pa bay posiblite pou chwazi yon pati pati politik. Yon elektè ki fèk enskri oswa elektè ki te pa janm vote nan yon eleksyon primè pou yon pati pati politik ka deklare afilyasyon li ak yon pati nan biwo vòt la nan jou yon eleksyon primè. Nan New Jersey, yon eleksyon primè fèt sèlman pou pati Demokratik ak Repibliken yo. Yon elektè ka depoze yon fòm deklarasyon pati politik tou pou li ka vin manm yon pati politik. Si yon elektè deklare ta vle chanje afilyasyon pati, l ap bezwen ranpli yon fòm deklarasyon 50 jou anvan eleksyon primè a, pou vote.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan New Jersey ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan tan pwochen eleksyon an
- yon rezidan Eta a ak konte adrès ou a pou omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an

- pa dwe ap sèvi yon pèn oswa liberasyon kondisyonèl oswa pwobasyon paske yo te kondane ou pou nenpòt ki ofans sou lwa eta sa a oswa yon lòt eta oswa peyi Etazini

Adrès postal:

New Jersey Department of Law and Public Safety
Division of Elections
PO BOX 304
Trenton, NJ 08625-0304

New Mexico

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 28 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Kat enskripsyon sa a ki gen nimewo sekirite sosyal ou a ap vin yon pati dosye enskripsyon elektè pèmanan nan lokalite ou an, ki louvri pou enspeksyon piblik la nan biwo grefye konte a. Sepandan, nimewo sekirite sosyal ou ak dat nesans la ap rete konfidansyèl epi yo p ap pataje li ak piblik la. Lis elektwonik ak enfòmasyon limite sou enskripsyon elektè yo (san nimewo sekirite sosyal oswa dat nesans) disponib pou piblik jeneral la, epi n ap ba yo si yo mande bay moun ki gen pòs eleksyon, kandida, pati politik, tribinal, ak òganizasyon charite k ap ankouraje patisipasyon ak enskripsyon elektè, sèlman pou rezon politik (§1-5-19B, NMSA 1978).

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan New Mexico ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Eta New Mexico
- gen 18 tan lè pwochen eleksyon lan
- yo pa te refize dwa mwen pou vote nan yon tribinal pou rezon andikap mantal epi, si yo te kondane mwen pou yon krim, mwen te satisfè tout kondisyon pou pwobasyon oswa liberasyon kondisyonèl la, mwen te sèvis tout pèn nan oswa Gouvènè a te akòde mwen padon.

Adrès postal:

Bureau of Elections
325 Don Gaspar, Suite 300
Santa Fe, NM 87503

New York

Mizajou: 06-19-2014

Dat Limit pou Enskripsyon - 25 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta ou ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle vote nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan New York ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan nan konte a, oswa Vil New York, pou omwen 30 jou anvan dat eleksyon an
- gen 18 tan anvan 31 desanm nan ane a ou ranpli fòm sa a (*Remak:*

Enstriksyon Eta yo:

Gen 18 tan anvan dat eleksyon jeneral, primè, oswa lòt eleksyon ou vle vote ladan an)

- pa nan prizon oswa liberasyon kondisyonèl pou yon kondanasyon pou krim
- yon otorite jidisyè pa te deklare ou andikape mantalman nan moman an
- pa reklame dwa pou vote yon lòt kote

Adrès postal:

NYS Board of Elections
40 North Pearl Street, Suite 5
Albany, NY 12207-2729

North Carolina

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon -

Dat ki sou anvlop ou voye li pa lapòs la dwe 25 jou avan eleksyon an oswa nou dwe resevwa li nan biwo eleksyon an oswa ajans enskripsyon elektè yo chwazi a anvan 5:00 pm 25 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Bay nimewo lisans chofè North Carolina ou a, oswa nimewo idantifikasyon Depatman Veyikil-a-Motè North Carolina. Si ou pa gen yon lisans chofè, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a, amwenske li pèmèt elektè ki pa afilye ak li yo vote nan eleksyon primè li. Si ou endike yon pati politik ki pa yon pati ki kalifye, oswa ou pa endike okenn pati, yo pral enskri ou kòm "Pa Afilye".

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Ou oblije ranpli bwat sa a. Sepandan, yo p ap refize aplikasyon ou a si

ou pa te fè sa. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan North Carolina ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan North Carolina ak konte ou abite a pou omwen 30 jou anvan dat eleksyon an
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon jeneral la
- yo te retabli dwa sitwayènte ou yo si yo te kondane ou pou yon krim
- pa dwe enskri oswa vote nan okenn lòt konte oswa eta

Adrès postal:

State Board of Elections
P.O. Box 27255
Raleigh, NC 27611-7255

North Dakota

Mizajou: 03-01-2006

North Dakota pa gen enskripsyon elektè.

Ohio

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

W ap bezwen bay nimewo sekirite sosyal ou. Se si w vle ou bezwen bay nimewo sa a. Enfòmasyon sa a pèmèt Komisyon Eleksyon yo verifiye enskripsyon ou si sa nesèsè (ORC 3503.14). [Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, w ap bezwen ekri "NONE" (OKENN)

sou fòm lan epi Eta a ap ba ou yon nimewo.]

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yo pral etabli afilyasyon ou ak yon pati nan yon eleksyon primè.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Ohio ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Ohio
- gen 18 tan nan jou eleksyon an oswa avan jou sa a Si ou pral gen 18 tan nan jou eleksyon primè a oswa anvan sa, ou pral vote nan eleksyon primè pou kandida sèlman an.
- pa ap sèvi yon pèn pou yon kondanasyon pou krim epi pa nan prizon nan moman an
- yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman pou zafè vote

Adrès postal:

Secretary of State of Ohio
Elections Division
180 E. Broad Street — 15th
Floor
Columbus, OH 43215

Oklahoma

Mizajou: 09-19-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 25 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay youn nan nimewo sa yo: swa nimewo lisans chofè Oklahoma ou oswa nimewo kat idantifikasyon eta oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yon lis ajou pati politik yo rekonèt nan Oklahoma disponib sou sit wèb

Enstriksyon Eta yo:

Konsèy Elektoral Eta Oklahoma a. Elektè anrejistre ki pa afilye ak okenn pati ka gen pèmi pati yo rekonèt yo pou patisipe nan eleksyon primè si pati a dakò. Ou ka jwenn yon lis pati politik yo rekonèt ak yon lis pati ki kite elektè yo vote san yo pa afilye ak yon pati pou vote nan primè yo: https://www.ok.gov/elections/ElectionInfo/Political_Party_info.html.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Oklahoma:

- Ou dwe yon sitwayen Etazini ak yon rezidan Eta Oklahoma.
- Ou dwe gen 18 tan nan dat pwochen eleksyon lan oswa avan jou sa a
- Si yo kondane ou pou yon krim grav, ou dwe rann tout jou kalandriye tribinal la mande a, ak nenpòt egzijans pou prizon, liberasyon ak kondisyon, oswa sipèvisyon, oswa fè yon peryòd pwobasyon nenpòt tribinal kòmande.
- Ou dwe kounye a ou pa sou jijman pou moun ki gen andikap mantal, oswa yon moun ki gen yon andikap mantal an pati yo entèdi enskri pou vote
- Ou dwe soumèt aplikasyon enskripsyon an enprime, siyen, ak date. Siyati a dwe orijinal la, epi aplikan an ekri alamen oswa make. Okenn moun pa ka siyen pou aplikan an, epi nou p ap aksepte okenn faks, repwodiksyon, tape, siyati elektwonik oswa lòt ranplasan, otograf, oswa mak.

Adrès postal:

Oklahoma State Election Board
Box 528800
Oklahoma City, OK 73152-8800

Oregon

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 21 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Lwa federal mande pou ou bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, w ap bezwen ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta ou ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote pito.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Oregon ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Oregon
- gen omwen 18 tan anvan jou eleksyon an

Adrès postal:

Secretary of State
Elections Division
141 State Capitol
Salem, OR 97310-0722

Pennsylvania

Mizajou: 05-01-2020

Dat Limit pou Enskripsyon - 15 jou anvan yon eleksyon oswa primè a.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay yon Nimewo Lisans Chofè, si ou gen youn. Si ou pa gen yon Nimewo Lisans Chofè, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite

Sosyal ou. Si ou pa gen okenn pyès idantite, tanpri ekri "OKENN" nan bwat la.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon gran pati politik si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik.

Nou mande pou ou ranpli bwat sa a. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan Pennsylvania ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini omwen yon mwa anvan jou eleksyon an
- Fè yon rezidan nan Pennsylvania ak distri eleksyon ou a pou omwen 30 jou anvan eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an

Adrès postal:

Office of the Secretary of
the Commonwealth
210 North Office Bldg.
Harrisburg, PA 17120-0029

Epi ou ka enskri sou entènèt tou nan register.votespa.com.

Rhode Island

Mizajou: 09-03-2019

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon.

Aplikan an ap oblije bay nimewo lisans chofè oswa ID eta Rhode Island li si li gen yon lisans chofè oswa ID Eta Rhode Island ki ajou. Si yon aplikan pa gen yon lisans chofè ki ajou ak valab, li dwe bay kat (4) dènye chif nimewo sekirite sosyal li. Yon aplikan ki pa gen ni youn ni lòt ap jwenn yon nimewo idantifikasyon inik nan men Eta Rhode Island.

Enstriksyon Eta yo:

7. Chwazi yon Pati. Nan Rhode Island, ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Yon moun ki pa enskri avèk yon pati lè enskripsyon an ka, si li chwazi, enskri ak yon pati nan jou eleksyon primè yon pati nan jou eleksyon primè pati sa a epi patisipe nan eleksyon primè pati sa a. Si yon moun pa enskri ak yon pati, li ka toujou vote nan eleksyon jeneral ak eleksyon primè ki pa pou okenn pati.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Rhode Island ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Rhode Island pou omwen 30 jou anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 16 lane (dwe gen 18 tan pou vote nan Jou Eleksyon an)
- pa nan prizon pou yon krim nan moman an
- yo pa te jije ou andikape mantalman nan yon tribinal

Adrès postal:

Rhode Island State Board of Elections
50 Branch Ave.
Providence, RI 02904-2790

South Carolina

Mizajou: 5-1-2021

Dat limit Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo ID. Ou dwe bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou an. Ou kapab bay tout nimewo sekirite sosyal ou an si w vle fè sa. Nimewo sekirite sosyal la pa afiche sou okenn rapò ki pwodwi pa Komisyon Eleksyon Eta a ni li paibliye bay okenn moun ki pa otorize. (Tit Kawolin

Disid 7-5-170)

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Ou oblije ranpli bwat sa a. Yo ka refize aplikasyon ou a si ou pa te fè sa. Gade lis chwa yo ki anba Enstriksyon Aplikasyon an pou bwat 8 la (nan paj 2).

9. Siyati. Pou enskri nan South Carolina ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- yon rezidan South Carolina, konte ak sikonsipsyon ou a
- pa dwe nan okenn prizon piblik poutèt kondanasyon pou yon krim
- yo pa te janm kondane ou pou yon gwo krim oswa ofans kont lwa eleksyon, oswa si yo te kondane ou, ou te sèvi tout pèn ou, ak pwobasyon avèk liberasyon kondisyonèl ladan, oswa yo te padonnen ou pou kondanasyon an
- pa dwe anba yon lòd tribinal deklare ou andikape mantalman
- reklame adrès ki sou aplikasyon an kòm sèl rezidans legal ou epi ou pa reklame okenn lòt kote pou rezidans legal ou

Adrès postal:

State Election Commission
P.O. Box 5987
Columbia, SC 29250-5987

South Dakota

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - Resevwa 15 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. W ap bezwen bay nimewo lisans chofè ou. Si ou pa gen yon lisans chofè

ki valid, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan South Dakota ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- ap viv nan South Dakota
- gen 18 tan anvan pwochen eleksyon an
- p ap sèvi yon pèn pou yon kondanasyon pou yon krim ki gen ladan prizon, te sèvi oswa yo sispann, nan yon sistèm prizon pou adilt
- pa te jije andikape mantalman nan yon tribinal

Adrès postal:

Elections, Secretary of State
500 E. Capitol
Pierre, SD 57501-5070

Tennessee

Mizajou: 05-01-2020

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Ou oblije bay nimewo sekirite sosyal ou, si ou genyen youn, pou idantifye ou ak pou evite moun enskri plizyè fwa (TCA 2.2.116).

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Sèlman si ou vle chwazi youn.

9. Siyati. Pou enskri nan Tennessee ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Tennessee

Enstriksyon Eta yo:

- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a
- pa te kondane pou yon krim, men si yo te kondane ou, kalifikasyon ou pou enskri epi vote depann selon krim yo te kondane w pou li a ak dat kondanasyon ou a. Pou plis enfòmasyon sou pwosesis sa a, rele 877-850-4959 oswa ale sou sitwèb <https://sos.tn.gov/restoration>. Si yo te efase kondanasyon ou a, yo p ap konsidere ou gen yon kondanasyon pou yon krim.
- yon tribinal nan jiridiksyon konpetan pa te jije ou enkonpetan (oswa yo pa te retabli kapasite legal ou)

Adrès postal:

Coordinator of Elections
Tennessee Tower, Seventh Floor
312 Rosa L. Parks Ave.
Nashville, TN 37243-1102

Texas

Mizajou: 03-01-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 30 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè ou pou enskri pou vote. Si ou pa gen yon lisans chofè, w ap bezwen bay omwen kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen ni youn ni lòt, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm lan. Eta ou ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik pou w ka enskri pou vote pito.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Texas ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan konte ou fè aplikasyon pou enskripsyon an
- gen omwen 17 tan ak 10 mwa (ou dwe gen 18 tan pou w ka vote)
- pa dwe te finalman kondane pou yon krim, oswa si yo te kondane ou pou yon krim, yo te anile tout pinisyon an, tankou prizon, liberasyon kondisyonèl, peryòd pwobasyon, oswa yo te padonnen ou.
- yo pa te deklare ou andikape mantalman nan jijman final yo tribinal

Adrès postal:

Office of the Secretary of State
Elections Division
P.O. Box 12060
Austin, TX 78711-2060

Utah

Mizajou: 09-19-2019

Dat limit enskripsyon - Dat limit enskripsyon varye:

Lapòs: dat ki sou anvlop lapòs fòm enskripsyon an oswa jou yo resevwa li Lapòs la dwe 30 jou anvan eleksyon an.

Fas-a-fas: ou dwe depoze fòm enskripsyon yo nan biwo grefye konte a 7 jou avan eleksyon an.

Sou entènèt: ou dwe soumèt enskripsyon yo 7 jou avan eleksyon an. Ou dwe gen yon lisans chofè Utah oswa pyès idantite valid Utah.

Menm jou a: elektè yo ka enskri nan biwo vòt yo pandan peryòd pou vote bonè yo oswa nan Jou Eleksyon an ak yon bilten vòt tanporè.

6. Nimewo Idantifikasyon. Fòm enskripsyon elektè ranpli ou a dwe gen youn nan bagay sa yo ladan: yon nimewo lisans chofè Utah, yon nimewo Idantifikasyon Eta

Utah, oswa kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou a. Si ou pa gen yon Lisans Chofè Utah oswa yon Kat Idantifikasyon Eta Utah, tanpri ekri "Okenn" nan espas yo mete pou sa a epi mete kat dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije deklare yon pati pou w ka vote. Sepandan, lwa eleksyon Uta a pèmèt chak pati politik chwazi ki moun li pral pèmèt vote nan eleksyon primè li. Si ou pa afilye ak yon pati, yo kapab pa kite ou vote nan eleksyon primè a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Utah ou dwe:

- se yon sitwayen ameriken
- te abite nan Utah pandan 30 jou imedyatman anvan pwochen eleksyon an
- gen omwen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa anvan jou sa a (moun ki gen 16 lane ak 17 lane yo ka enskri davans pou vote; si yon moun ki gen 17 lane oswa ou pral gen 18 lane nan jou eleksyon jeneral k ap vini an oswa avan sa, yo ka enskri davans oswa enskri nan eleksyon primè a)
- pa nan prizon pou yon kondanasyon pou krim li te komèt nan moman an
- pa dwe kondane pou trayizon oswa krim kont franchiz eleksyon an, amwenske yo te retabli dwa sivik ou yo
- yon tribinal pa te detèmine ou andikape mantalman
- ap viv nan distri oswa sikonskripsyon ou enskri pou vote a

Adrès postal:

Office of the Lieutenant
Governor
P.O. Box 142325
Salt Lake City, UT 84114

Enstriksyon Eta yo:

Vermont

Mizajou: 09-19-2019

Dat Limit pou Enskripsyon -

Nou dwe resevwa anrejistremant ou pa lapòs nan biwo grefye a nan dènye jou grefye a gen èdtan anvan eleksyon an. Vermont gen enskripsyon elektè jou Eleksyon an nan biwo vòt yo kòm ansanm ak enskripsyon elektè sou entènèt. Pou enskri sou entènèt, ale sou-
<https://olvr.sec.state.vt.us>.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè Vermont ou a, oswa si ou pa gen youn, 4 dènye chif nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè Vermont oswa yon nimewo Sekirite Sosyal, tanpri ekri "NONE" (OKENN) sou fòm nan. Biwo Sekretè Deta a ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Vermont pa mande pou w enskri ak pati pou patisipe nan nenpòt ki eleksyon.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Pa obligatwa.

9. Siyati. Pou enskri nan Vermont ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Vermont
- gen 18 tan nan jou pwochen eleksyon an oswa avan jou sa a
- te fè fèmman sa a: Ou sèman (oswa afime) nenpòt ki lè ou vote, touche nenpòt ki bagay ki konsène eta Vermont, ou pral fè a ak pi bon konsyans ou, jan sa te etabli nan Konstitisyon an, san ou pa fè oswa fè okenn moun favè [Sèman Elektè, Konstitisyon Vermont, Chapit II, Seksyon 42)

Depi ou siyen Bwat 9, sa vle di ou ateste ou sèman oswa afime sèman elektè Vermont ki ekri anwo a.

Adrès postal:

Office of the Secretary of State
Elections Division
128 State Street
Montpelier, VT 05633-1101

Virginia

Mizajou: 11-30-2011

Dat Limit pou Enskripsyon -

Livre 22 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. W ap bezwen bay tout nimewo sekirite sosyal ou. Nimewo Sekirite Sosyal ou ap parèt sou rapò yo pwodwi sèlman pou rezon ofisyèl enskripsyon elektè ak eleksyon ofisyèl epi, pou rezon seksyon, nan tribinal. Atik II, §2, Konstitisyon Virginia (1971).

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Virginia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan legal Virginia ak sikonsipsyon ou vle vote a
- gen 18 tan anvan eleksyon jeneral mwa me oswa novanm nan
- yo pa te kondane ou pou yon gwo krim, oswa yo te retabli dwa sivik ou yo
- yon tribinal pa te deklare ou andikape mantalman nan moman an

Adrès postal:

Virginia State Board of Elections
1100 Bank Street, 1st floor
Richmond, VA 23219

Washington

Mizajou: 09-19-2019

Dat Limit pou Enskripsyon -

Ofisyèl eleksyon yo dwe resevwa fòm enskripsyon an sou entènèt ak pa lapòs yo omwen 8 jou avan eleksyon an. Enskri an pèsòn nenpòt ki lè pandan lè biwo yo louvri ak anvan 8:00 pm nan Jou Eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Ou dwe bay nimewo lisans chofè oswa nimewo kat idantifikasyon Washington ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Washington, ou dwe bay kat dènye chif Nimewo Sekirite Sosyal ou. Si ou pa bay enfòmasyon sa yo, sa ka anpeche yo trete enskripsyon ou an.

7. Chwazi yon Pati. Ou pa oblije di ak ki pati ou afilye pou enskri nan Washington.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan Washington ou dwe:

- se yon sitwayen ameriken
- yon rezidan legal nan Eta Washington, konte ou ak sikonskripsyon ou a pou 30 jou imedyatman anvan eleksyon kote ou vle vote a
- gen omwen 18 tan avan Jou Eleksyon an
- pa anba Sipèvizyon Depatman Koreksyon pou yon kondanasyon krim Washington
- moun ki gen ant 16 ak 17 tan yo ka enskri pou yo Fiti Elektè epi y ap enskri otomatikman pou vote lè yo gen 18 tan

Enstriksyon Eta yo:

Adrès postal:

Secretary of State
Elections Division
P.O. Box 40229
Olympia, WA 98504-0229

West Virginia

Mizajou: 09-12-2006

Dat Limit pou Enskripsyon - 21 jou anvan eleksyon an.

6. Nimewo Idantifikasyon. Mete nimewo lisans chofè ou. Si ou pa gen yon lisans chofè, mete kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon nimewo sekirite sosyal, y ap ba ou yon nimewo idantifikasyon inik.

7. Chwazi yon Pati. Ou dwe enskri ak yon pati si ou vle patisipe nan eleksyon primè pati sa a (amwenske ou mande yon bilten vòt yo pati ki pèmèt endepandan yo vote)

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Kite la vid.

9. Siyati. Pou enskri nan West Virginia ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- viv nan West Virginia nan adrès ki anwo a
- gen 18 tan, oswa pou vote nan eleksyon primè a gen 17 tan epi pral gen 18 tan anvan eleksyon jeneral la
- pa dwe sou kondanasyon, pwobasyon, oswa liberasyon kondisyonèl pou yon krim, trayizon oswa koripsyon nan eleksyon
- yo pa te jije ou "andikape mantalman" nan yon jiridiksyon konpetan

Adrès postal:

Secretary of State
Building 1, Suite 157-K
1900 Kanawha Blvd. East
Charleston, WV 25305-0770

Wisconsin

Mizajou: 08-31-2018

Dat Limit pou Enskripsyon - Dat ki sou anvlòp ou voye li pa lapòs la dwe omwen 20 jou anvan eleksyon an; oswa ranpli nan biwo vil oswa grefye minisipal la jiska 5:00 p.m. nan jou vandredi anvan eleksyon an; oswa ranpli nan biwo vòt la Jou Eleksyon an. **Wisconsin otorize enskripsyon elektè sou entènèt tou** - Vizite <https://myvote.wi.gov> jiska 20 jou avan eleksyon an si elektè a gen yon lisans chofè oswa kat idantite eta Wisconsin te bay ki ajou ak valid.

2. Adrès Kay: Ansanm ak fòm enskripsyon elektè ou a, ou dwe voye yon dokiman prèv rezidans ou prenon ak siyati konplè ou ak adrès rezidansyèl ou, tankou yon kopi lisans chofè ak kat idantifikasyon eta Wisconsin ki ajou ak valid, bòdwo taks imobilye, bòdwo ki pa gen plis pase 90 jou, etadkont labank, chèk travay oswa souch chèk, oswa yon chèk oswa dokiman ou te resevwa nan men gouvènman an. Gen yon lis konplè ki disponib nan <http://elections.wi.gov>.

6. Nimewo Idantifikasyon. Bay lisans chofè Wisconsin ou a oswa nimewo idantifikasyon Depatman Transpò te ba ou a. Si ou pa gen yon lisans chofè oswa yon kat idantifikasyon Depatman Transpò te ba ou, ou dwe bay kat dènye chif nimewo sekirite sosyal ou.

7. Chwazi yon Pati. Pa obligatwa.

8. Ras oswa Gwoup Etnik. Pa obligatwa.

9. Siyati. Pou enskri nan Wisconsin ou dwe:

- yon sitwayen peyi Etazini
- yon rezidan Wisconsin epi ou te abite nan adrès enskripsyon an pou omwen 10 jou.
- gen omwen 18 tan
- yo pa te kondane ou pou trayizon, krim oswa koripsyon, oswa si sa te rive, yo te retabli dwa sivik ou yo apre ou te fin sèvi pèn ou a oswa yon padon
- yon tribinal pa te twouve ou pa ka konprann objektif pwosesis elektoral la
- pa fè oswa benefisye nan okenn pari sou rezilta eleksyon an
- pa te vote okenn lòt kote nan menm eleksyon an

Adrès postal:

Voye fòm enskripsyon ou ranpli a ak yon kopi dokiman prèv rezidans ou bay biwo grefye minisipal ou an. Ou ka jwenn grefye minisipal ou isit la: <https://myvote.wi.gov/en-US/MyMunicipalClerk> Si ou pa ka jwenn adrès grefye minisipal ou a, ou ka poste li nan:

Wisconsin Elections
Commission
212 East Washington Avenue,
Third Floor
P.O. Box 7984
Madison, WI 53707-7984

(Remak: ou ka retounen aplikasyon yo nan biwo Komisyon Eleksyon Wisconsin a nan adrès ki anwo a, men pou evite reta, yo rekòmande ou pou w retounen aplikasyon enskripsyon elektè ou a dirèkteman nan biwo grefye minisipal ou an.)

Enstriksyon Eta yo:

Wyoming

Mizajou: 03-01-2006

Selon lalwa, Wyoming pa ka aksepte fòm sa amwenske lwa a chanje.